

Kwinjirana Intsinzi

- 14th story -



91Page



92Page



93Page



94Page



95Page

Umusi wa pasika wari wegereje muri Israyeli. Pasika yibutsa ikurwa ry'abisi-rayeli mu buja muri Egiputa n'Imana barongowe na Mose. Mu guhimbaza umusi mukuru wa Pasika, abantu bose barakoranira mu rusengero I Yerusalemu. Yesu nawe agenda I Yerusalemu ku bwa Pasika, abantu benshi bari bagiye guhimbaza Pasika ariko Yesu wewe yari afise ikindi kimujanye.

Genda muri ico gisagara kiri imbere yacu, hanyuma muriko murinjira mura-bona indogoba iziritse. Muyiziture muyizane. Nihagira uwubabaza igituma muyizituye mumwishure muti umukiza arayikeneye. Abigishwa babira ya ndogoba Yesu, hanyuma barayisezera umutamana Yesu yicarako. Yesu, umwana w'Imana isumba vyose, yinjira I Yerusalemu mu buryo bu-ciriye hagufi kandi nk'umuntu asanzwe.

Isinzi Ry'inshi rizungangiza ibisandasanda rikoma akaruru:

“ Hozana mwana wa Dawidi! Hashimwe uwuje mw'izina ry'umukiza!”

Abantu benshi basasa imitamana mu nzira basanganira Yesu:

“ Hozana ushirwe hejuru!”

Abantu basanganira Yesu nk'umwami.

Abigishwa ba Yesu barishima.

“ Oooh! Mbega Yesu si umunyakaranga! Agiye kuba umwami ! niyo Yesu yaba umwami, nca mba umusavyi wiwe ndamufashe ! ndashobora guhagarara iruhande rwiwe, sivyo?Hehe. ”

Ariko Yesu yarazi ko ivyo bineza vy'iryo shengero isinzi bitazokwamaho.

Yesu wewe yiyumvira ubwami bw'Imana, atari icubahiro co mw'isi. Yesu yari yinjiye i Yerusalemu kuja ku musaraba kubw'abacumuzi bose.

Yesu aritegereza Yerusalemu igihe yariko arinjira mu rusengero. Aratanga-ra cane asanze urusengero rwuzuye abacuruzi. Ashavujwe n'ivyo abonye, Yesu asanzaza amameza y'abavunja amahera n'abandaza inuma hanyuma yankira umuntu wese gutembereza ibidandazwa mu rusengero.

“ Inzu yanje izokwitwa iy’amasengesho ku mahanga yose ariko namwe mwayigize ikirimbiro ry’abambuzi!! ”

Yesu asohora abariko barasumira n’abadandariza mu rusengero. Ariko abaherezi bakuru n’abigisha b’amategeko bavyumvise barondera ingene bokwica Yesu. Ariko baramutinya kuko ishengero ryose ryari ryatangariye inyigisho ziwe. Bibaza ko gusigura no kwigisha ijambo ry’Imana ari bo bonyene bari bafise ububasha bwo kubikora.